

CENTRAL ISLIP SCHOOL DISTRICT
KONDISYON POU ENSKRIPSYON

Elèv yo **DWE** enskri pa yon paran/gadyen/oswa yon paren. Tanpri bay pyès ki annapre yo:

- Prèv laj timoun nan (gade anba)
- Prèv ke granmoun kap enskri timoun nan se gadyen legal li liye (gade anba)
- Dosye vaksinasyon ajou ak pi resan ekzamen fizik timoun nan, epi rezulta Plon yo siyen ak so pa yon doktè. NYS Edikasyon mande yon rezulta dantè an menm tan avèk Evalyasyon sante a
- Prèv rezidans (gade anba)
- Si wap transfere sòti nan yon lòt lekòl, tanpri bay tou dènye kanè timoun nan

PRÈV LAJ TIMOUN LAN

Prèv gad timoun lan, ki gen ladan men ki pa limite a lòd gad jidisye oswa papye gadyen legal.

Sa ki annapre yo se dokiman ki akseptab pou laj:

- Batistè sètifye oswa Sètifikasi Batèm (ki gen ladann transkripsyon sètifye yon batistè etranje ki tradwi oswa sètifikasi batèm) si sa disponib
- Lisans chofè ofisyèl
- Pyès didantite leta oswa lòt gouvènman bay
- Pyès didantite lekòl la ak foto ak dat nesans
- Dokiman ajans federal, leta oswa lokal yo bay
- Lòd tribinal oswa lòt dokiman tribinal bay
- Kat idantifikasyon konsila
- Dosye lopital oswa sante
- Kat idantifikasyon depandan militè

- Dokiman tribi Ameriken natif natal
- Dosye ajans èd entènasyonal ki pa pou pwofi ak ajans volontè yo

PRÈV GAD

Dokiman ki annapre yo se prèv ke yo aksèpte pou gad timoun yo:

- **Pou timoun kap viv ak paran yo** – Batistè oswa Sètifica Batèm
- **Pou timoun paran yo divòse** – Dekrè divòs, lòd gad oswa lòt akò ki nonmen paran an gadyen

Lòt prèv se moun ki anrejitre timoun nan e ki legalman abite avèk li, men se pa sa sèlman

- Afidavi, ki gen ladan deklarasyon moun ki nan relasyon ak paran yo e ki endike ke gadyen an gen gad total, pèmanan ak kontwòl sou timoun nan, afidavi sèlman moun ki nan rapò ak paran oswa gadyen an
- Papye tribunal ki bay dwa a yon gadyen si genyen yonn
- Dokiman ki endike ke timoun nan ap viv ak yon sipòtè kote yon ajans federal mete li

PRÈV REZIDANS

Me prèv residans ke yo aksèpte nan Distri Lekòl Central Islip:

Siw pwopriyetè: yon papye kay, yon deklarasyon ipotèk oswa yon deklarasyon final, oswa yon deklarasyon taks sou propriyete a (releve enpo fonsye)

Siw nan lwaye: yon afidavi pwopriyetè a ki pa sou sèman ki ateste rezidans ou, yon deklarasyon/kontra lokasyon oswa deklarasyon yon twazyèm pati ki pwouve rezidans ou

Nenpòt **DE (2)** nan bòdwo aktyèl sa yo:

- Bòdwo sèvis publik, tankou dlo, elektrisite, ak/oswa gaz.
- Cablevision oswa satelit, livrezon lwil
- Bòdwo taks – pwopriytè kay la

- Papye enpo sou reveni
- Lisans chofè
- Identifikasiyon ke leta bay oswa lòt dokiman gouvènman
- Deklarasyon Bank kew resevwa pa lapòs
- Souch chèk (bife nimewo Sekirite Sosyal ou)
- Dokiman gad timoun yo, òdonans lajistis ki baw dwa gade yo oswa papye

ki baw dwa a yon gadyen ak adrès Central Islip sou li.

- Dokiman afilyasyon (kat bibliyotèk) ki base sou rezidans